


Lwa DREAM Eta New York



Aplikasyon disponib aktyèlman pou Lwa DREAM Eta New York Senatè José Peralta a ("NYS DREAM Act")! Elèv ki pa gen papye legal ak lòt elèv imigran yo kapab jwenn aksè kounye a nan sibvansyon ak bous detid Eta New York administre pou kouvri frè etid siperyè yo, ansanm ak Pwogram Èd New York pou Ekolaj (Tuition Assistance Program, TAP). **Aplikasyon an ak materyèl sipò yo disponib nan www.hesc.ny.gov/dream.**

Sosyete Sèvis Ansèyman Siperyè a (Higher Education Services Corporation, HESC) te deklare kalifikasyon depann de kritè anrapò ak sitiyaasyon imigrasyon ak prezans nan yon lekòl segondè Eta New York oswa pwogram ekivalans lekòl segondè Eta New York.

Kimoun ki kapab benefisye li?

Dapre HESC, kalifikasyon pou èd finansye depann de sitiyaasyon imigrasyon ou, epitou li depann de kilè ak kikote ou te ale nan lekòl segondè epi ou diplome, oswa kilè ak kikote ou te resevwa diplòm ekivalans lekòl segondè ou.

Sitiyaasyon imigrasyon ki kalifye yo

Dapre HESC, ou ka kalifye si ou gen yon viza U, yon viza T, TPS, DACA, oswa ou pa gen okenn sitiyaasyon imigrasyon. Si ou pa abite nan Eta New York, ou ka kalifye tou si ou se yon sitwayen ameriken, moun ki gen grinkat, azil oswa ou se refijye.

Eskolarite

Ou dwe montre tou ou te ale lekòl nan Eta New York. Pou moun k ap aplike pou èd finansye nan nivo premye sik (undergraduate):

Si ou te diplome nan lekòl segondè nan Eta New York:

- Ou dwe te ale nan lekòl segondè nan Eta New York pandan 2 ane oswa plis.
- Ou dwe aplike nan 5 ane oplita apre ou te diplome nan lekòl segondè.

Si ou gen yon diplòm ekivalans lekòl segondè nan Eta New York:

- Ou dwe aplike nan 5 ane oplita apre ou te resevwa yon diplòm ekivalans lekòl segondè.

Elèv k ap aplike pou èd pou etid siperyè (graduate) dwe aplike nan 10 ane oplita.

Kilè mwen dwe aplike?

Aplikasyon louvri aktyèlman pou Lwa DREAM Eta New York la. Nou ankouraje etidyan ki kalifye yo pou yo aplike byen vit otank posib. TAP aksepte aplikasyon yo nan moman yo rive a.

Sèten bous detid ak sibvansyon ka gen lòt dat limit anplis. Tcheke lekòl ou an pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt dat limit ak posiblite ki ka disponib pou ou.

Si ou gen plis kesyon sou Lwa DREAM Eta New York la, voye yon imèl bay NYSDREAM@applyISTS.com oswa rele nan 888-697-4372 pou ou pale ak Sosyete Sèvis Edikasyon Siperyè, ki sipèviz Lwa DREAM Eta New York la ak èd finansye Eta New York la.

Pou jwenn enfòmasyon anplis sou sèvis ansèyman yo ak sou Lwa DREAM Eta New York la, ale sou paj MOIA a nan on.nyc.gov/NYSDREAMAct.

Kesyon yo poze souvan

Èske elèv san papyè nan Eta New York yo gen aksè aktyèlman nan lòt fòm èd ki gen finansman federal pou peye ekolaj, tankou sibvansyon Pell ak FAFSA?

- **Non.** Lwa DREAM Eta New York la pa afekte kalifikasyon pou lòt pwogram federal yo tankou sibvansyon Pell ak FAFSA. Se gouvènman federal la sèlman ki kapab fè yon chanjman konsa.

Èske Lwa DREAM Eta New York la ap pèmèt Dreamer yo jwenn yon chemen pou sitwayènte?

- **Non.** Dapre Lwa DREAM Eta New York la, plis elèv ap vin kalifye pou Pwogram Èd Eta New York pou Ekolaj, ansanm ak etidyan ki pa gen papyè yo.
- **Lwa sa a pa gen anyen pou wè ak akòde sitwayènte.** Se gouvènman federal la sèlman ki kapab fè chanjman nan lwa federal konsènan sityasyon imigrasyon.
- Administrasyon de Blasio a soutni efò federal k ap fèt pou bay imigran san papyè yo, ki gen ladan Dreamer yo, yon chemen pou sitwayènte epi li pral kontinye plede anfavè jistis pou tout imigran yo.

Èske m ap oblije devwale sityasyon imigrasyon mwen lè m ap aplike pou èd finansye? Èske yo pral pwoteje enfòmasyon sa yo?

- **Wi.** Aplikasyon Lwa DREAM Eta New York la poze kesyon konsènan sityasyon imigrasyon nan objektif pou detèmine kalifikasyon. Anplis, etidyan ki pa gen yon sityasyon imigrasyon legal oblije depoze yon deklarasyon sou sèman nan lekòl yo ki endike yo te depoze yon aplikasyon pou legalize sityasyon yo oswa yo pral fè sa dèke yo kalifye.
- Lwa Eta New York ak lwa federal yo pwoteje enfòmasyon elèv yon etablisman ansèyman te pran, ansanm ak enfòmasyon yo te pran konsènan sityasyon imigrasyon.